

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Dina kahirupan sapopoéna, manusa teu bisa leupas tina kabudayaan, lantaran budaya jeung manusa raket pisan lir gula jeung amisna. Salasahiji unsur kabudayaan anu asup tur mekar di masarakat nyaéta sistim religi atawa kapercayaan. Ku kituna, unggal laku lampah manusa teu bisa leupas tina papagon agama, lantaran nurutkeun basa kirata yén agama téh hartina ageman hirup manusa, anu matak pantes agama téh leket pisan jeung manusa.

Para tokoh agama nyieun tarékah pikeun nyebarkeun agama sangkan bisa ditarima ku masarakat, salasahijina nyaéta ngaliwatan karya sastra, nu eusina sok diselapan ku ajén-ajén, pikeun bahan pangajaran ka jalma anu macana.

Masarakat Jawa Barat atawa anu leuwih dipikawanoh salaku masarakat Sunda, teu luput tina kamekaran kapercayaan anu pernah aya di tatar Sunda. Ieu bisa ditilik tina sajarah anu nyatet kumaha mekarna kapercayaan, ti mimiti animisme, dinamisme, Hindu, Buddha, nepi ka ahirna mayoritas masarakat Sunda ngagem agama Islam, tapi aya sabagian kelompok masarakat Sunda anu masih kénéh taat ngagem kapercayaan karuhun saperti kelompok masarakat Baduy anu masih kénéh ngagem Sunda Wiwitan (Miharja, 2015, kc.22).

Unggal sistim kapercayaan anu pernah mekar tur diagem ku masarakat Sunda tangtuna waé nyiptakeun produk, nu jadi ciri yén kapercayaan éta pernah aya tur mekar di sabudeureun masarakat, boh dina sistim paélmuan boh dina karya sastra, atawa kabudayaan anu ngawujud jadi adat-istiadat. Sistim paélmuan anu mekar, contona paélmuan itungan poé alus atawa anu leuwih dipikawanoh ku istilah palintangan, ogé aya produk anu wujudna sastra puisi anu eusina ngandung kapercayaan magis atawa mantra téa. Mantra ilaharna dipaké nalika hiji jalma arék ngalakonan hiji kagiatan, sangkan kagiatan éta lancar, tur maksudna bisa kahontal kalawan hasil anu mucekil.

Kamekaran sastra dina kabudayaan masarakat Sunda, salian ti mantra, aya ogé Sawér. Sawér mah eusina ngeunaan papatah kolot ka pangantén, anu anyar kawin, ari sastra sawér mah ilaharna ditulis maké ugeran pupuh sarta dipagelarkeunna ku

cara ditembangkeun, anu nembangkeunna disebut juru sawér, ku sabab kitu sawér mah di antarana sok aya dina acara kawinan.

Mekarna sastra Sunda, saupama ditilik tina sawangan Ajip Rosidi (dina Ruhaliah 2019, kc.15) kabagi jadi 3 périodeisasi, nya éta jaman buhun, jaman kamari, jeung jaman kiwari. Sastra période jaman buhun mekar saméméh ayana pangaruh ti agama Islam, éstu ngeunaan kapercayaan masarakat Sunda heubeul, sastrana ogé réa anu teu kapaluruh saha pangarangna, karya sastra dina jaman ieu di antarana carita pantun, mantra/jangjawokan, dongéng, jeung kawih. Période anu kadua nyaéta période sastra jaman kamari. Dina jaman ieu mah, geus kapangaruhan ku agama Islam nu bisa katitén nalika Sunda nincak kana mangsa kaérah ku Mataram, anu stuluyna Sunda dijajah ku bangsa Walanda, Inggris, ogé Jepang. Karya sastra dina jaman ieu di antrarana pupuh, guguritan, jeung wawacan. Ieu karya sastra mangrupa pangaruh ti Mataram, sedengkeun sastra anu mangrupa pangaruh ti Walanda nya éta novél. Mangsa anu pamungkas nurutkeun Ajip Rosidi nyaéta période jaman kiwari. Ieu période ayana sabada Indonesia mérdéka nepi ka ayeuna. Dina periode ieu, medal karya sastra anu anyar, nyaéta sajak. Salian ti dina wangun puisi, aya ogé wangun lancaran kayaning novél jeung carpon.

Ditilik tina périodeisasi sastra Sunda, dina jaman ka-2 atawa jaman kamari, sastra anu dijieun ilaharna ditulis, lantaran jaman harita mah can aya alat cétak cara ayeuna, ogé tulisanna sok maké aksara Arab anu geus diréka jadi aksara Arab Sunda atawa anu dipikawanoh aksara Arab Pégon. Ieu mangrupa hiji ciri yén Sunda geus kapangaruhan ku agama Islam, sarta karya sastrana geus ditulis dina buku, teu jiga dina période jaman buhun, anu masih kénéh nulis dina lontar. Buku hasil éta tulisan satuluyna sok disebut naskah. Dina jero naskah ilaharna ngébréhkeun gambaran kabudayaan, kasusastran, paélmuan, ogé kahirupan jaman baheula anu tangtu baé moal kaharti ku masarakat, upama ieu naskah teu dialihaksarakeun, alatan naskahna maké aksara Arab Pégon.

Saupama ditilik tina wujud aksarana, naskah Sunda kuna loba pisan rupana, di antarana aya anu maké aksara Sunda kuna, Buda (aksara Gunung), Jawa kuna (Cacarakan), Arab Pégon, jeung Latén (Ruhaliah, 2019, kc. 25). Naskah Sunda masih loba kénéh anu bacacar di masarakat, biasana éta naskah diwariskeun ti kolot ka budakna, atawa ti guru ka muridna, eusina ngawengku paélmuan atawa

carita anu ditulis dina wangun lancarana atawa puisi maké ugeran pupuh (wawacan). Paélmu anu aya dina naskah Sunda kuna biasana élmu agama, mantra, atawa tata cara dina ngalakonan hiji kagiatan.

Baheula mah naskah téh sok dipupusti ku nu bogana, lantaran dianggap karamat, tapi kiwari béda deui, malah naskah téh geus kurang kapaliré, sarta geus jarang dibaca, padahal di jerona miboga amanat anu kacida luhurna pikeun pangajaran di jaman kiwari. Ku kituna, kacida pisan lebarna, saupama éta naskah saukur jadi pajangan atawa ruksak alatan dihakan ku sato (kutu anu sok ngahakanan keretas), ogé kacida lebarna lamun pangajaran anu nyangkaruk dina éta naskah teu kaguar.

Tarékah pikeun nyingkahan éta kajadian taya deui lintang ti naskah téh kudu disalametkeun ku cara ditalungtik. Lantaran dina naskah kuna loba anu moal kaharti, alatan aksarana anu geus kurang dipikaharti ku masarakat, ku kituna aksarana kudu ditransliterasikeun heula kana aksara jaman kiwari. Transliterasi nyaéta nyalin atawa ngarobah tina aksara sumber kana aksara lianna. Lebah ieu, transliterasi saukur ngarobah aksarana wungkul, henteu ngarobah sora basana.

Tangtu waé, dina naskah nyangkaruk ajén-inajén anu euyeub pisan. Ku kituna, perlu ditalungtik. Dina ieu panalungtikan anu dipaluruh nyaéta ngeunaan ajén budaya, anu aya dina naskah.

Aya sawatara judul panalungtikan saméméhna anu ngaguar ngeunaan transliterasi, ajén budaya, mantra, sawér, jeung palintangan, anu kacatet di Program Studi Pendidikan Bahasa Sunda, Fakultas Pendidikan Bahasa dan Sastra, UPI Bandung, dina wangun skripsi di antarana; “Transliterasi jeung Talaah Fungsi dina Naskah Punika Paragi Ngaruwat (Ulikan Filologi)”, skripsi meunang Eva Dewi Nurlatifah (2021), “Ajén Budaya jeung Agama dina Naskah Kitab Mi’raj Kangjeng Nabi Muhammad Saw (Ulikan Filologi)”, skripsi meunang Ani Tsani Fathurahmah (2018), “Transliterasi jeung Kajian Téks Naskah Palintangan ti Majalengka”, skripsi meunang Dena Setiawan (2014), “Invéntarisasi Puisi Mantra di Kecamatan Situraja Kabupatén Sumedang (Ulikan Struktural)”, skripsi meunang Dina Siti Ningrum (2018), “Puisi Sawér di Kecamatan Cikatomas Kabupatén Tasikmalaya pikeun Alternatif Bahan Pangajaran Maca Artikel di SMA Kelas XII (Tilikan Struktural jeung Ajén Atikan Karakter)”, skripsi meunang Teti Hermayanti (2019).

Sanajan panalungtikan anu sawanda geus aya, tapi tangtuna baé aya bédana upama ditilik tina objék jeung tiori anu dipaké pikeun mesékna. Ku kituna, panalungtikan anu dijudulan “Transliterasi jeung Ajén Budaya dina Naskah Mantra, Sawér, jeung Palintangan” perlu dilaksanakeun.

1.2. Rumusan Masalah

Dumasar kasang tukang di luhur, masalah ieu panalungtikan dirumuskeun saperti ieu di handap.

- 1) Kumaha déskripsi jeung hasil transliterasi tina naskah *Dua Puluh Lima Rupa Maksud Salamet*?
- 2) Kumaha édisi téks tina naskah *Dua Puluh Lima Rupa Maksud Salamet*?
- 3) Naon waé ajén budaya anu nyangkaruk dina naskah *Dua Puluh Lima Rupa Maksud Salamet*?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan miboga dua tujuan, nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus, anu dijéntrékeun saperti ieu di handap.

1.3.1 Tujuan Umum

Ieu panalungtikan miboga tujuan umum pikeun nyusun transliterasi jeung maluruh ajén budaya.

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus dina ieu panalungtikan dijéntrékeun saperti ieu di handap.

- 1) Ngadéskripsikeun jeung nyusun transliterasi tina naskah *Dua Puluh Lima Rupa Maksud Salamet*;
- 2) Nyusun édisi téks tina naskah *Dua Puluh Lima Rupa Maksud Salamet*;
- 3) Medar ajén budaya nu nyangkaruk dina naskah *Dua Puluh Lima Rupa Maksud Salamet*.

1.4. Manfaat/Signifikansi Panalungtikan

Mangpaat tina ieu panalungtikan kabagi jadi tilu, nyaéta mangpaat tioritis, mangpaat praktis, jeung mangpaat kawijakan. Tilu mangpaat éta dijéntrékeun saperti ieu di handap.

1.4.1 Manfaat Tioritis

Mangpaat tioritis ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngaguar kabeungharan kasusastraan, ogé paélmuan Sunda buhun, sarta bisa jadi référénsi pikeun panalungtikan satuluyna anu sarua medar ngeunaan mantra, sawér, palintangan, ogé ajén budaya.

1.4.2 Manfaat Praktis

Salian ti mangpaat tioritis, aya ogé mangpaat praktis tina ieu panalungtikan, saperti ieu di handap.

- 1) Pikeun panalungtik, hasil tina ieu panalungtikan bisa nambahan élmu pangaweruh nu aya patula-patalina jeung naskah, panalungtik ogé miboga data hasil panalungtikan anu eusina ngeunaan transliterasi jeung pedaran ngeunaan ajén budaya nu aya dina ieu naskah.
- 2) Pikeun mahasiswa, hasil tina ieu panalungtikan bisa dijadikeun référénsi atawa rujukan dina panalungtikan anu sarupa.
- 3) Pikeun akademisi, hasil tina ieu panalungtikan bisa nambahan wawasan ngeunaan khasanah kabudayaan Sunda, hususna kasusastraanana.

1.4.3 Manfaat Kawijakan

Ayana ieu tulisan, dipiharep masarakat Sunda hususna para nonoman jeung pihak akademisi bisa terus ngamumulé budaya jeung sastra Sunda titinggal karuhun, sangkan jati teu kasilih ku junti sok komo nepi ka cul dogdog tinggal igel.

1.4.4 Raraga Tulisan

Bab I eusina ngeunaan bubuka, kasang tukang, idéntifikasi jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan jeung raraga tulisan.

Bab II eusina ngeunaan ulikan tiori anu ngawengku naskah, transliterasi, ajén budaya, mantra, sawér, jeung palintangan.

Bab III eusina ngeunaan métode panalungtikan, désain panalungtikan, sumber data panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, intrumén panalungtikan.

Bab IV eusina ngeunaan data jeung pedaran tina hasil panalungtikan, hasil ngolah, jeung analisis data anu ngawengku déskripsi jeung transliterasi, ajén budaya dina naskah *Dua Puluh Lima Rupa Maksud Salamet*.

Bab V eusina ngeunaan kacindekan jeung rékoméndasi. Dina ieu bab, panalungtik nyieun kacindekan hasil analisis sarta rékoméndasi pikeun panalungtikan nu lian.